



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/18/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO METE AKSAN SOU SEMÈN LATÈ 2016**

### ***Aktivite Semèn Latè a te fèt nan tout eta pou fanmi yo pwofite lanati epi aprann plis sou dirabilite anviwonmantal***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke nan kad Semèn Latè 2016, sa ki te fèt semèn sa, plizyè aktivite ki santre sou fanmi-zanmi te fèt pou ankouraje Nouyòkè yo pou eksperimente gwo aktivite anplennè epi aprann plis sou dirabilite anviwonmantal. Anplis pou mete aksan sou aktivite sa yo, Gouvènè a ap mete aksan tou sou angajman ankou administrasyon an pou pwoteje ak restore kalite dlo New York ak resous natirèl nou yo, devlope ekonomi enèji pwòp nou an, epi konsiderableman konbat chanjman klima.

“Anviwonman nou an ansanm avèk bote natirèl li klase pami pi gwo atou New York– e nou tout pataje yon responsabilite kolektif pou pwoteje yo pou pwochen jenerasyon yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Administrasyon nou an te pran gwo etap nan sizan ki sot pase yo pou devlope yon eta ki pi pwòp ak pi vè, e mwen fyè paske m te kontinye eritaj sa ane sa a. Kòm nap obsève Semèn Latè a epi kontinye kanpe pou anviwonman an, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou ede nou asire ke kominote yo pi pwòp ak sen pou tout moun.”

Administrasyon Gouvènè a ap komemore Semèn Latè a anpati lè li òganize plizyè douzèn aktivite nan eta. Popilasyon an ka konekte ak lanati atravè patisipasyon nan pwomenad, obsèvasyon espès sovaj natirèl, plante pye bwa ak yon pil ak pakèt cho kap fèt pou fòme Nouyòkè sou enpòtan ki genyen pou pwoteje anviwonman. Wap jwenn lis aktivite fanmi yo [la](#) nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak [la](#) nan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik.

“Mwen fyè pou m selebre Semèn Latè pnan òganize aktivite enpòtan sa yo pou tout fanmi ak rezidan yo pou yo aprann sou gwo efò DEC pou pwoteje ak restore resous natirèl enpòtan nou yo,” **te deklare Komisyonè pa Entèrim DEC Basil Seggos.** “Tout moun ka yon bon gadyen anviwonman, e gen anpil chwa senp nou ka fè chak jou pou viv nan fason ki pi dirab. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou patisipe nan aktivite nou yo epi ede asire ke anviwonman nou an pwòp ak sen pou pwochen jenerasyon nou yo pwofite.”

“New York State Parks travay pou kontinye misyon l pou li ka gadyen responsab nan

resous enpòtan natirèl, istorik ak kiltirèl nou an,” **te deklare Komisyonè State Parks Rose Harvey.** “M ap envite Nouyòkè tout laj pou selebre Jounen Latè a atravè patisipasyon yo nan anpil okazyon benevola ak selebrasyon lanati ki antoure nou nan pak eta ak sit istorik nou yo, semèn sa ak pandan tout ane a.”

“Anba plan konpreyansif enèji pwòp Gouvènè Cuomo, Refòm vizyon enèji a (REV) ansanm avèk lòt gwo aksyon pou konbat chanjman klima ak redwi emisyon gaz greenhouse, Eta New York se modèl pou lòt eta yo ak peyi a kontinye swiv,” **te deklare Prezidan Enèji ak Finans Eta New York Richard Kauffman.** “Avèk inisyativ ke peyi a antreprann tankou 50 pousan elekrisite obligatwa ki soti apati enèji renouvlab nan 2030 ak fon enèji pwòp \$5 milya, New York te deja kreye novuo djòb enèji pwòp epi obsève preske 600 pousan kwasans nan enèji solè sou Gouvènè a.”

### **Akonplisman Anviwonmantal ak Nouvo Inisyativ enpòtan sou enèji**

Eta New York angaje pou l pwoteje anviwonman nou an, pwoteje espas lib, ogmante aksè nan gwo ak bèl resous natirèl eta a, lanse plizyè aktivite enèji pwòp revolisyonè epi prepare pou efè chanjman klima yo. Reyalizasyon prensipal Gouvènè Cuomo ak akonplisman enèji enpòtan sou anviwonman se:

- **Garanti yon ogmantasyon Istori nan Fon Pwoteksyon pou Anviwonman:** Bidjè Eta ki te adopte nan 2016-17 ogmante EPF nan \$300 milyon, plis pase double apati lè Gouvènè a te antre nan administrasyon an, ak piwo nivo nan fon istwa. Gwo investisman sa ap sipòte pwojè yo nan eta kap konsève tè agrikòl ak espas lib, amelyore kalite dlo, ankouraje resiklaj, epi konbat espès anvayisan, tout pandan lap sipòte plizyè milye djòb. EPF a ap kounye a bay gwo finansman pou ede kominote yo redwi ak adapte nan chanjman klima, bay nouvo rekonpans pou acha nouvo veyikil ak enfrastrikti, epi avanse yon ajanda konplè Jistis Anviwonmantal.
- **Revitalize State Park yo:** Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman plizyè ane \$900 milyon nan finansman prive ak piblik pou State Parks yo de 2011 a 2020. Bidjè Egzekitif 2016-17 Gouvènè a gen ladan \$90 milyon nan bi inisyativ sa a. Jiska dat 225 pwojè te renove ak revitalize plis pase 130 Park Eta ak sit istorik.
- **Investi nan enfrastrikti Dlo:** Bidjè ane sa stimile tou finansman enpòtan pou ede eta konfwonte yon kriz nan enfrastrikti dlo kap parèt. Eta te mete disponib sibvansyon \$200 milyon anlispou minisipalite yo pou modènizasyon sistèm dlo potab ak dlo sal grasa Lwa sou Modènizasyon Enfrastrikti Dlo. Sibvansyon sa yo ap ogmante plis pase \$2 milya dola nan investisman pandan lap kreye apeprè 33,000 djòb nan konstriksyon.
- **Dirije peyi a nan konbat chanjman klima ak redwi emisyon gaz Greenhouse:** Gouvènè Cuomo, ap pran gwo aksyon pou konbat chanjman klima ak redwi emisyon gaz greenhouse fè New York vini modèl pou lòt eta yo ak peyi a kontinye swiv. Inisyativ enèji pwòp ak anviwonmantal sa yo ki an premye plan nan peyi a ap ede pwopriyetè kay New York yo, biznis ak inivèsite yo pou investi nan enèji pwòp, kondwi kwasans ekonomik nan eta, epi pwoteje anviwonman an. Mete aksans sou aksyon konpreyansif klima Gouvènè a ki enkli:
  - **Lanse Standa Enèji Pwòp:** Gouvènè Cuomo te mande Komisyon Sèvis Piblik pou elaji elekrisite renouvlab a gran echèl kidonk lap bay 50 pousan

jenerasyon elektrik nan 2030, jan li te prevwa nan Plan Enèji Eta 2015, ak pou pwopoze yon plan pou sipòte flòt nikleyè zewo emisyon ki egziste deja nan New York.

- **Siyen dapre 2 MOU:** Gouvènè Cuomo jodia te siyen [2 MOU](#) (Memorandòm Konpreyansyon), yon akò ant eta, pwovens ak vil yo nan tout mond lan pou afime angajman yo pou redwi emisyon gaz a 80 pousan nan 2050 pou ede kenbe tanperati mwayèn tè a pou l pa ogmante 2 degre sèlsiyis (oswa 3.6 degre Fahrenheit) nan 2100. Nan kad Plan Enèji 2015 Eta, New York te etabli sib ki pi agresiv nan peyi a pou redwi emisyon a 40 pousan nan 2030 ak 80 pousan anba nivo 1990 nan 2050 (80 pa 50).
- **Fasilite yon New York ki san chabon nan 2020:** Chabon se youn nan pi gwo emisyon gas greenhouse ak sous gaz anviwonmantal nwizib pou pwodiksyon elektrisite. Pou reyalize objektif eta pou redwi emisyon gaz kabonik apati sektè enèji pa 40 pousan nan 2030 Gouvènè a te mande Depatman Sèvis Piblik ak DEC pou delvope yon plan règlemantè ki pral fèmen de izin chabon ki rete nan eta oswa re-alimante sous enèji ki pi pwòp nan 2020.
- **Dirije Transpò ak Klima:** Kòm emisyon transpòtasyon se pi gwo sektè emisyon gaz greenhouse, New York te lanse aksyon anbisyè pou kondwi emisyon sa yo. Gouvènè Cuomo te siyen lwa sou Zero Emission Vehicle (ZEV) MOU, ak Alyans Entènasyonal ZEV pou fè eta ale delavan nan redwi emisyon gaz nan veyikil yo, ansanm avèk anbake nan inisyativ Klima ak Transpòtasyon avèk yon kowalisyon nan 12 eta nan Nòdès yo. EPF kounye a ap bay gwo finansman pou ede kominote yo redwi ak adapte nan chanjman klima, bay nouvo rekonpans pou acha veyikil pwòp ak enfrastrikti. Sa a pral pèmèt sipòte pwogram rabè veyikil zewo emisyon konsomatè NYSERDA.
- **Adopte yon Fon Enèji Pwòp \$5 milya pou 10 ane:** Sou dis pwochen ane yo, Fon Enèji Pwòp NYSERDA ap kondwi pi gwo investisman nan sektè prive pou sipòte deplwaman enèji pwòp ak solisyon enèji efikas nan kay, bilding, ak kominote New York yo; investi nan rechèch dènye kri ak devlopman pou akselere inovasyon enèji pwòp; bay \$ 1 milya pou pwogram NY-Sun Gouvènè a; epi kapitalize pi gwo Green Bank nan peyi a. Grasa CEF, Eta ap redwi tou pousantaj sipleman kontribyab yo pa \$90 milyon nan 2016 e pa yon total \$1.5 milya nan 2025. Li konplete Standa Enèji Pwòp lè li diminye depans ak entansifikasyon teknoloji enèji pwòp pou reponn a objektif elektrisite renouvlab 50 pousan nou an.
- **Lanse pi gwo Green Bank nan peyi a:** New York se kay pou \$1 milya green bank, pi gwo green bank nan peyi a. Nan 2015, NY Green Bank te bay \$49 milyon pou sipòte twa akò ki pral bay pi gwo deplwaman nan pwojè enèji efikas ak solè rezidansyèl ansanm avèk van nan ti nivo sou pwopriyete rezidansyèl, agrikòl ak ti pwopriyete komèsyal yo. Kapital Green Bank ap ogmante yon finansman adisyonèl \$179 Milyon ki soti nan men patnè sektè prive yo.
- **Devlope Pwojeksyon Ofisyèl Elevasyon Nivo Lamè:** Jan li endike dapre Lwa sou Risk Kominotè ak Rezistans, Eta New York ap adopte pwojeksyon sou nivo lanmè eta kap monte baze sou pi bon syans ki disponib ak revizyon

piblik solid; pwojeksyon sa yo ap pi byen prepare kominote kotyè ak pwopriyetè biznis yo pou evènman move tan tankou Gwo tanpèt Sandy.

- **Climate Smart Communities ap pran aksyon:** 174 gouvènman lokal, ki kouvri 6.6 milyon Nouyòkè, te rantre nan pwogram Eta pou sipòte adaptasyon nan chanjman klima lokal ak rediksyon e sèt kominote te konplete yon pwosesis sètifikasyon solid. Bidjè 2016-17 ki te adopte a gen ladan yon liy \$11 milyon nan nouvo fon EPF pou sibvansyon Climate Smart Communities, bay kominote yo abilite pou transfòme plan rezistans ak adaptasyon annaksyon.
- **Lanase Ekip Repons Rapid Kalite Dlo New York:** Nouvo Ekip Repons Rapid Kalite Dlo Gouvènè a dirije pou devlope pwogram kalite dlo ki pi enpòtan nan peyi a epi prepare yon plan dakasyon konplè pou imedyatman adrese pwoblèm sou kalite dlo ki te ka souleve pa minisipalite ak sitwayen konsène yo, tankou pwoblèm yo ki klase apati kontaminan règlemante aktyèl yo, tankou plon, pou rive a kontaminan kap parèt, tankou asid pèfliyoroctanoyik (PFOA) nitrat ak sèl. Plan dakasyon an ap gen ladan rekòmandasyon pou ranfòse dlo potab ki egziste nan eta, dlo anbatè ak pwogram pwoteksyon sifas dlo.
- **Amelyore Kalite Dlo nan Long Island:** Polisyon azòt se youn nan pi gwo defi anviwonmantal nan Long Island. Eta te pran yon seri aksyon pou redwi nivo azòt nan Long Island, enkli yon inisyativ transfòmatif \$388 milyon pou konekte preske 10,000 kay nan Konte Suffolk pou modènze sistèm egou ak izin tretman ak \$3.9 milyon nan sibvansyon pou sèt pwojè sible ki vize nan redwi polisyon azòt nan basen vèsan Estyè Peconic. Nan Konte Nassau, eta ap investi plis pase \$190 milyon pou avanse yon tiyo anbouchi efliyan nan izin tretman dlo sal Bay Park. Anplis pou redwi azòt, Gouvènè a te lanse yon etid konplè \$6 milyon pou dlo anbatè Long Island, sa ki pral egzamine entrizyon dlo sale, sifas ak enpak dlo transpò kontaminan ak randman dirab.
- **Ankouraje Lachas ak aktivite lwazi Lapèch:** Inisyativ NY ouvè pou Lapèch ak Lachas Gouvènè Cuomo, bidjè 2016-17 bay \$3 milyon pou pwojè aksè tè eta ak \$4 milyon dola pou enfrastrikti lapèch ak lachas. Bidjè 2015-2016 la pwopoze tou pou kreye yon nouvo kont kapital ki ansanm avèk fon federal Pittman-Robertson pral itilize pou jere, pwoteje ak restore abitat pwason ak lafòn, ak pou amelyore ak devlope aksè piblik pou pwason ak rekreyasyon ki gen rapò avèk lafòn. Bidjè a kontinye angajman Gouvènè a pou rekreyasyon anplennè avèk \$6 milyon dola pou 50 nouvo pwojè pou bay aksè a apeprè 380,000 karotè eta ki egziste pou rekreyasyon, enkli lansman bato, zòn pou gade zwazo, santye, ak magazen lachas, ak \$8 milyon dola pou mizajou ak amelyorasyon pou pwason kouvwa nan eta.
- **Elaji “New York Works” finansman pou Resous Anviwonmantal:** Depi 2011, Gouvènè Cuomo te bay plis pase \$680 milyon pou pwojè anviwonmantal dirèk tankou reparasyon baraj, rezistans kotyè, renovasyon dlo sal, ak investisman nan pak yo. Fon sa yo te bay tou enfrastrikti pou rekreyasyon; Biznis-elektwonik; kòlmataj pwi gaz ak lwil ki abandone; sibvansyon pou netwayaj frich endistriyèl minisipal yo; ak pwojè amelyorasyon kalite dlo pou sistèm tretman dlo sal la.
- **Ranfòse Sekirite Pwi Gaz:** Lanse yon efò entansifye pou pote pwi gaz yo ankonfòmite avèk tout kondisyon obligatwa yo, pou anpeche polisyon dlo anbatè ansanm avèk lòt danje pou anviwonman an.

- **Revize Règleman dechè solid:** Pibliye plan règleman konplè pou mete ajou règleman sou dechè solid pou adrese enkyetid kap ogmante ki gen rapò avèk etablisman mòlch yo, jete debri konstriksyon ak demolisyon ansanm avèk lòt dechè solid.
- **Lanse Kò Excelsior Conservation (ECC):** Jan li te anonse nan diskou Ajanda Opòtinite 2015 Gouvènè Cuomo a, ECC se yon nouvo pwogram Jeyson ak Edikasyon Anviwonmantal AmeriCorps pou moun ki gen laj 18 a 25 ane. Ane sa, manm yo pral pèfòme pwojè anviwonmantal ki enpòtan nan Eta New York pandan yap genyen eksperyans pratik ak konpetans nan konsèvasyon karyè yo. Pwogram nan finanse grasa \$1.9 milyon nan finansman federal ak eta konbine.
- **Mete veto sou Pwojè LNG Port Ambrose:** Nan Novanm 2015, Gouvènè Andrew M. Cuomo te veto Likefaksyon Gaz Natirèl Port Ambrose Deepwater, akòz rezon sekirite ak ekonomik ansanm avèk enpak negatif delvopman van sou rivaj la. Pwojè a, bezwen apwobasyon toulède Gouvènè Cuomo ak Gouvènè New Jersey Christie daprè Lwa federal sou Deepwater Port. Gouvènè Cuomo te detaye pozisyon prensipal li nan yon lèt ke li te voye bay Administrasyon Maritime Etazini.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418